

MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL AK FÒMASYON PWOFESEYONÈL (MENFP)

FILYÈ ANSÈYMAN JENERAL

SERI: (LLA, SMP, SVT, SES)

BAKALOREYA SESYON JEN 2016

SEGONDÈ IV

KREYÒL



Crevette

Konsiy: 1) li entèdi pou gen selilè nan sal la
2) ou pa gen dwa pale nan sal la

ISTWA KONPÈ KAW AK KONPÈ RENA

Konpè Kaw poze sou yon pyebwa
ak yon mòso fwomay lan mitan bèk li.
Mèt rena santi lode a rele l
Kòm se yon bèt ki madre anpil
Li di konpè kaw konsa:
“O! ala bwòdè w bwòdè! Ale bèl ou bèl!
M pa janm tande w chante, se vre men si vwa w
koresponn ak kalite bèl plim
Ou gen sou ou a,
m gen dwa parye ke w pa kanmarad
okenn zwazo ki lan bwa a”.
konpè Kaw, menm lè a, pa ka ret anplas, bèl pawòl
yo monte lan tèt li, li santi l kontan.
Pou l montre ke l gen bèl vwa,
Li ouvri bèk li, manje a tonbe.
Konpè Rena ranmase afè l, e li di: “Mesye! Kouman
Konpè Kaw gen lè se konnen ou pa t konnen ke
flatè
se sou kont enbesif ki koute yo, yo viv! M espere ke
leson sa a va sèvi w pase w peye pou li”.
Konpè Kaw menm tou jennen, tout wont, fè sèman,
men li te twò ta, ke yo p ap janm pran l lan bagay
Konsa ankò
Si m te konnen toujou dèyè.

Raymond A. Moyse: Twa demi-douzèm istwa Mèt
Lafontè... pp. 38-39 (1975)

Premye pati

A) Konpreyansyon tèks

- 1.- Pou kisa konpè kaw santi l kontan?
- 2.- Ki leson Mèt Rena te aprann konpè kaw?
- 3.- Bay 2 aspè majè ki karaktetize fab sila a.
- 4.- Jwenn yon fraz nan tèks la ki montre sèman
konpè kaw te fè a te twò ta.
- 5.- Eksprime nan yon fraz lide prensipal tèks la.

B) Gramè – Vokabilè – Tradiksyon

- 1- Jwenn 5 mo nan tèks la ki ka rantre nan chan
leksikal tèm prensipal ki devlope nan fab sa a.
 - 2- Jwenn nan tèks la yon diskou rapòte epi jistifye
repons nan ak 2 karakteristik diskou dirèk.
 - 3- Oken Zwazo ki nan bwa a. Nan ki kategori
gramatikal nou dwe mete mo ki souliye yo.
 - 4- Pwodui yon fraz selon estrikti sa a epi fè
reprèzantasyon grafik fraz la.
- Gwoup konpleman sikonstansyèl +GN+GV+KOD

Dezyèm pati

Ch- Pwodiksyon

chwazi youn nan sijè sa yo

- I- Denye fraz tèks la se: “Si m te konnen toujou
dèyè”.
Sèvi ak fraz sa a pou ou konstwi yon tèks
agimantatif pou ou montre moun pa dwe ajè san
li pa reflechi. Pa bliye kore agiman yo ak bon jan
egzanp.
- II- Kounye a si yon moun pa sou rezo sosyal
(watzap, fesbouk...) ou pa alamòd. Ekri yon
zanmi ou yon lèt ki gen sekans agimantatif pou
ou montre li bon kote ak move kote rezo sa yo.



Crépier

Konsiy: 1) li entèdi pou gen selilè nan sal la
2) ou pa gen dwa pale nan sal la

JEDEYON MOURI

- Solèy kouche. Lapli kare tonbe. Doule fini krase manm Jedeyon; li blayi tou rèd sou yon kabann dekovil. Li pa janm pale denpi twa jou; je li bata fèmen.
- Rita chita lan papòt chanm nan ap veye; li pase mwaye nwit, somèy bwote li. You bourèt rèv trennen li jouk Ravin Sèch. Li vòltije benyen lan granrivyè, plonje nan lanmè, woule ponpe danse lan sab ak Lasirèn, pwonmennen gade anndan you palè bade limyè tout koulè. Rita chavire tonbe lan yon rado rèv makònen youn nan lòt. Rive yon lè, de kòk lan katye a tanmen souffle pouse twoke kout klewon. Rita pantan sou do lasirèn dyaman; you lanm lanmè rape bwote vire tèt li lwen. Li reveye sezi; figi li mouye antranp ak swè. Li leve mache...pwoche kanpe bò kabann nan. Kò Jedeyon lonje tou rèd. Rita gade, pale, souke, manyen. Tonton Jedeyon pa brannen; kò li fret pase nen chen lan seren. De ran dlo pran kouri desann lan je Rita. You lòt moman, li louvri tout pòt ak fenèt. Farinay lapli yenyen lan lari. Figi tan an mare mòksis anba you solèy grimo k ap redi grenpe monte kanyen kanyan lan yon syèl pachiman. Rita pouse yon rèl pike. Anvan chat pran tiwèl li, vwazinay sanble. You grap moun gen tan viwonnen kabann Jedeyon, men lan machwa, figi frijèt. Trapde, kay debarase vide netwaye lave seche pare pou marechal lanmò. Apre dènye priyè, Rita tounen Bwanèf, kay Alibe, kouzen defen papa li. Baryè mare, fenèt koule, pòt kondanèn, vye chanmòt la rete pou kont li.

Dezafi, pp 267-269

Premye pati

A) Konpreyansyon tèks

- Ki sa ki reveye Rita nan fon somèy?
- Lè Rita fin kriye, ki sa li fè?
- Rezime nan 2 fraz jan Rita t ap pran plezi li nan rèv la lè dòmi fin bwote li apre minwi.
- Bay tip tèks la epi jistifye repons ou bay la.
- Eskplike yon etranje ki pa konn kreyòl ki jan syèl la te ye apre lanmò Jedeyon.

B) Gramè – Vokabilè – Tradiksyon

- Jwenn nan tèks la yon vèb seryèl ki gen pi piti 5 vèb nan seri a epi konpoze fraz pa ou ki gen vèb seryèl.
- Konstwi yon chan leksikal ki gen 10 mo ki pa nan tèks la men ki rantr nan tèm prensipal otè a trete a.
- Tradui fraz sa a an franse.
 - Figi tan an mare mòksis anba you solèy grimo k ap redi grenpe.

- Prezante fraz sa a sou fòm grafik li (Reprezantasyon grafik): Apre dènye priyè, Rita tounen Bwanèf, kay Alibe, kouzen defen papa li.

- Men yon fraz: Kò li frèt pase nen chen nan seren.
Ki figi estil otè a anplwaye la a. kontwi 3 lòt fraz ki gen menm estrikti a.

Dezyèm pati

Ch) Pwodiksyon tèks

Chwazi youn nan sijè sa yo

- Nan kilti peyi a, lè youn moun mouri nan pwovens, yo veye kadav la. Nan vèy la, gen anpil mèl chantè ki konn konpoze tèks. Konpoze youn tèks pwezi ki gen non Jedeyon ladan li pou ou eksplike fason li t ap viv ak karaktè li (Sekans deskriptif).
- Konstwi youn tèks agimantatif pou ou bay opinion pèsònèl ou sou lanmò. Tèks sa a dwe gen youn sekans naratif ki montre pouvwa lanmò sou lòm e pèsòn pa ka kache pou li.

MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL AK FÒMASYON PWOFESEYONÈL (MENFP)

FILYÈ ANSÈYMAN JENERAL

SERI: (LLA, SMP, SVT, SES)

BAKALOREYA SESYON JEN 2016

SEGONDÈ IV

KREYÒL



Crinoline

Konsiy: 1) li entèdi pou gen selilè nan sal la
2) ou pa gen dwa pale nan sal la

DLO

Dlo ki te la anvan tout bagay
Dlo k ap rete lè tout bagay fini
Dlo ki batize ti moun la yo
Dlo ki pou lave kadav nou

Dlo lapli dlo larivyè
Dlo fontèn

Gout dlo nan lawouze gran maten
Wonn dlo nan lalin nouvèl
Dlo ki fè jaden nou bèl
Dlo nou bwè nou kwit manje

Dlo nan kalbas dlo nan bokit
Dlo nan danmjann
Dlo nou jete pou rele lespri nou
Dlo nan basen kote simbi rete

Dlo nan letan kote timoun benyen
Dlo nan lanmè kote pwason naje
Dlo basen dlo nan letan
Dlo nan lanmè

Tout dlo ki soti nan syèl
Tout dlo k kouri sou latè
Ban n fòs pou nou kenbe toujou
Ban n kouray pou n sa reziste

Dlo lawouze dlo nan kaskad
Dlo anba tè

Dlo ki bouyi sou dife
Men dlo ki touye dife tou
Dlo ki te la anvan tout bagay
Dlo k ap rete lè tou sa fini.

Ref. Félix Morisseau Leroy: Dyakout 2, p.64

Premye pati

A) Konpreyansyon

- 1.- Daprè otè a, Félix Morisseau Leroy, ki kote nou jwenn dlo?
- 2.- Ki divès itilite dlo genyen selon tèks la?
- 3.- Ki kote nan tèks la dlo genyen rapò avèk jès mistik?

4.- Eske tèks la ekri an pwoz oubyen an vè?
Jistifye repons ou bay la.

5.- ki lòt tit ou te kapab bay tèks la?

B) Gramè – Vokabilè – Tradiksyon

- 1.- Ki figi estil ou jwenn nan fraz sa yo?
 - a) Mwen chita nan yon chanm klimatize epi m ap swe.
 - b) Direkteman desann anba a ak de (2) elèv.
- 2.- “Jàn deplase kabann nan kote li te ye yè a”.
Ki nati ak fonksyon mo ki souliye a.
- 3.- Fè reprezantasyon grafik fraz sa a:
“ Dlo a rete sou tab la”
- 4.- Ekri 10 mo ki nan chan leksikal Lekòl.
- 5.- Ki tip konparezon ou jwenn nan fraz sa a:
“ Antwàn rebèl menm jan ak papa li”
- 6.- Tradui fraz sa yo an franse.
 - a) Si ou kouri w ap tonbe.
 - b) Mwen bezwen de (2) goud kounyeya.Ch) Frè m nan ansanm avèk mwen prale New York dimanch.

Dezyèm pati

C- Pwodiksyon tèks:

(Chwazi yon (1) tèks)

- 1.- Ekri Direkteman Dinepa a yon lèt motivasyon pou pòs sipèvizè kominal.
- 2.- Ou te asiste, nan Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl, deba ant Minis Edikasyon an ak Sendika Anseyan yo sou evalyasyon Nouvo Segondè a.
Fè kont-randi deba a.



Criquer

Konsiy: 1) li entèdi pou gen selilè nan sal la
2) ou pa gen dwa pale nan sal la

M CHOUKE

M pa janm mande m poukisa m ret isit?

Tankou m pa mande m respire.

Poukisa m dòmi, sa k fè m pale jan m pale ya?

Alepouvini, poukisa m ret isit?

se petèt gen yon mòn yo rele Mòn La Sèl,
yon chemen yo rele Kat Chemen oubyen paske pa
gen anpil lekòl, paske yo rele Madan Sara,
oubyen paske pa gen lopital ase, paske gen yon ri
yo rele ri Mirak, yon flè yo rele flè dizè
oubyen paske gen anpil moun ki lan fè nwa.

Tout jan w vire l, poukisa m ret isit?

Paske FMI depatya n, digonnen n, degrennen n,
pije n,

paske yon gad touye yon etidyan plas Kapwa la
Mò paske peyi a tounen yon yoyo, yon lamadèl,
yon

kè yanm san kouto.

Men m rete paske gen yon pye bwa m renmen
sou wout Grandans

yon solèy ki p ap chare solèy,

paske gen yon fanm yo rele Emlin Michèl,

yon kò tankou ki pa janm rete paske gen yon chèf
yo rele Desalin paske wè pa wè

gen yon pèp ki vle louveri lavi.

René Philoctète in Lamadel 2 p. 63, déc. 1992

Premye pati

A) Konpreyansyon

- 1.- Ki tip tèks sa a ye:
a) Teyat; b) Fab; c) Pwezi d) Woman
Jistifye repons ou bay la
- 2.- Eske dapre ou genyen yon rezon valab pou otè
a ret chouke nan peyi Desalin nan?
- 3.- Ki lide prensipal ki travèse tèks la?
- 4.- Kisa ki gen nan tèks la ki genyen rapò ak kilti
pèp ayisyen an?
- 5.- Eske devlopman tèks la sanble ak tèm tèks la?
Ki se: " M Chouke" Bay jistifikasyon pou sa.

Dezyèm pati

B) Gramè – Vokabilè – Tradiksyon

- 1- Ekri tout pwopozisyon ou jwenn nan fraz sa a"
"Genyen yon pèp ki vle louveri lavi".
- 2- Fè yon fraz konplèks kote gwoup nominal sijè a
dwe genyen 4 eleman.
- 3- Ki rim ou jwenn nan tèks anba a?
Note-Dame du Paradis
Desann lanbouchur zabriko
Kri, rèl ... O sen aprè-midi
Klôch rezonnen jus lan doko
- 4- Ekri tèks sa a selon òtograf ofisyèl kreyòl
ayisyen an.
" Leur yon malhere flank yon lòt yon cout ròch,
se tankou si main droite t ap goumen ak men
gòche. Fò nou songe sa bien parce que se yon
verité. Si non pa mete tête ansanm lènmi k ap
profité".
- 5- Tradui tèks sa a an fransè.
" Papa m pati depi yè maten, samble se
vandredi l ap retounen pou li repare machin
nan".
- 6- Mete anfaz sou gwoup sijè a.
" Anplwaye yo ap fè grèv, yo pa vle debare
wout la".
- 7- Ti fi a pèdi depi yon mwa. Bay 3 sans vèb la
genyen.

C- Pwodiksyon tèks: (Chwazi yon (1) tèks)

- 1.- Papa ou te parenn nan yon maryaj. Ou te yon
envite espesyal. Rakonte divès sekans ki te
genyen nan seremoni an.
- 2- Genyen twa (3) gwoup jèn k ap fè diskisyon sou
kesyon foutbòl.
Premye gwoup la di se Messie ki pi gran jwè,
dezyèm gwoup la di se Neymar ki nimewo 1,
Twazyèm gwoup la di se Cristiano, pa gen
ankò. Ki agiman dapre ou menm chak gwoup yo
devlope pou kore chwa yo fè a?
Ki sentèz ou kapab fè lè ou fin analize opinyon
twa gwoup yo?



Crique

Konsiy: 1) li entèdi pou gen selilè nan sal la
2) ou pa gen dwa pale nan sal la

M CHOUKE

M pa janm mande m poukisa m ret isit?

Tankou m pa mande m respire.

Poukisa m dòmi, sa k fè m pale jan m pale ya?

Alepouvini, poukisa m ret isit?

se petèt gen yon mòn yo rele Mòn La Sèl,
yon chemen yo rele Kat Chemen oubyen paske pa
gen anpil lekòl, paske yo rele Madan Sara,
oubyen paske pa gen lopital ase, paske gen yon ri
yo rele ri Mirak, yon flè yo rele flè dizè
oubyen paske gen anpil moun ki lan fè nwa.

Tout jan w vire l, poukisa m ret isit?

Paske FMI depatya n, digonnen n, degrennen n,
pije n,
paske yon gad touye yon etidyan plas Kapwa la
Mò paske peyi a tounen yon yoyo, yon lamadèl,
yon

kè yanm san kouto.

Men m rete paske gen yon pye bwa m renmen
sou wout Grandans

yon solèy ki p ap chare solèy,
paske gen yon fanm yo rele Emlin Michèl,
yon kò tankou ki pa janm rete paske gen yon chèf
yo rele Desalin paske wè pa wè
gen yon pèp ki vle louvri lavi.

René Philoctète in Lamadel 2 p. 63, déc. 1992

Premye pati

A) Konprevansyon

1.- Ki tip tèks sa a ye:

a) Teyat; b) Fab; c) Pwezi d) Woman

Jistifye repons ou bay la

2- Eske dapre ou genyen yon rezon valab pou otè
a ret chouke nan peyi Desalin nan?

3.- Ki lidè prensipal ki travèse tèks la?

4.- Ki sa ki gen nan tèks la ki genyen rapò ak kilti
pèp ayisyen an?

5- Eske devlopman tèks la sanble ak tèm tèks la?
Ki se: " M Chouke" Bay jistifikasyon pou sa.

Dezyèm pati

B) Gramè – Vokabilè – Tradiksyon

1- Ekri tout pwopozisyon ou jwenn nan fraz sa a"
"Genyen yon pèp ki vle louvri lavi".

2- Fè yon fraz konplèks kote gwoup nominal sijè a
dwe genyen 4 eleman.

3- Ki rim ou jwenn nan tèks anba a?

Note-Dame du Paradis

Desann lanbouchur zabriko

Kri, rèl ... O sen aprè-midi

Klôch rezonnen jus lan doko

4- Ekri tèks sa a selon òtograf ofisyèl kreyòl
ayisyen an.

" Leur yon malhere flank yon lòt yon cout ròch,
se tankou si main droite t ap goumen ak men
gòche. Fò nou songe sa bien parce que se yon
verité. Si non pa mete tête ansanm lènm k ap
profité".

5- Tradui tèks sa a an fransè.

" Papa m pati depi yè maten, samble se
vandredi l ap retounen pou li repare machin
nan".

6- Mete anfas sou gwoup sijè a.

" Anplwaye yo ap fè grèv, yo pa vle debarc
wout la".

7- Ti fi a pèdi depi yon mwa. Bay 3 sans vèb la
genyen.

C- Pwodiksyon tèks: (Chwazi yon (1) tèks)

1-. Papa ou te parenn nan yon maryaj. Ou te yon
envite espesyal. Rakonte divès sekans ki te
genyen nan seremoni an.

2- Genyen twa (3) gwoup jèn k ap fè diskisyon sou
kesyon foutbòl.

Premye gwoup la di se Messie ki pi gran jwè,
dezyèm gwoup la di se Neymar ki nimewo 1,

Twazyèm gwoup la di se Christiano, pa gen
ankò. Ki agiman dapre ou menm chak gwoup yo
devlope pou kore chwa yo fè a?

Ki sentèz ou kapab fè lè ou fin analize opinyon
twa gwoup yo?

MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL AK FOMASYON PWOFESEYONÈL (MENFP)

FILYÈ ANSÈYMAN JENERAL

SERI: (SES / SVT / SMP)

BAKALOREYA SESYON JEN 2018

SEGONDÈ IV

KREYÒL



Pankat

- Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.
2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.

RITA KWA-BOSAL

Chak samdi maten, Rita kannale mache Kwa-Bosal pou Jedeyon. Se toujou menm litani an: dji grenn long, mayi moulèn Senmak, pwa wouj, vyann ak legim soup. Nan pwen pèdi tan. Gen defwa, Rita gade timoun parèy li, k ap jwe nan lari. Kè li pran ponpe. Men, lè li sonje savonay Jedeyon pare pou li, kè li tonbe sere, kè li vini grenn, kè li vini rak. Lè konsa, li prèt pou kriye.

Pafwa, Rita voye je li sou kèk pankat. Li pa janm konprann anyen: li pa konnen jebede. Lèt yo pòtre mouch, founi, marengwen, papiyon, koulèv, zandolit, wanga-nègès, flèch kann, fèy palmis, plim zwazo. Lan yon dans makwa. Rita pa janm konprann anyen. Men, chak kou li gade mòd vè vè sa yo, li santi yon frison, depi lan pye jouk lan trè cheve, bwoto li lwen lan peyi pèdi. Li bata rive nan syèl. Aprè, li plonje desann nan fon lanmè, kay mètrès dlo:

- Lasirèn bèl fanm, pote mwen sou do w.
- Moun je pete pa antre lan pale mwen.
- Si, lan chèche chèche, lan chèche chèche patou, mwen rive jwenn peny ou, Lasirèn?
- Ou ta sispann gade nan boutèy nwa; ou ta konnen sou ki pye w danse.
- Mwen anvi wè klè. Tanpri. Mennnen mwen avèk ou, Lasirèn. Trennen mwen dèyè ou, Lasirèn.
- Aprann trase vè vè sou papyè. Lè sa a, ma mete ou sou do mwen. Ma Mennen w nan pale mwen.

Rita santi tèt li ap vire ak yon moulèn andedan sèvèl li. Yon kamyon klaksonnen; li pantan sou twotwa. Lè li reprann bonnanj, mache Kwa-Bosal parèt tou pre. Se kouri achte, retounen vit nan chanmòt Jedeyon an, pou rekòmanse menm kalvè a: monte desann eskalye, kwit manje, bwote dlo, griye kafe, ranmase jouman, kokobe kò li tout jounen nan yon kwen. Byen egzamine, lavi Rita se yon nechèl ki manke plizyè bawo, se yon maswife san bout.

Dezafi, pp. 59-69.

Premye pati

A) Konpreyansyon / 6 pwen pou chak bon repons

(30 pwen)

- 1- Jwenn nan tèks la de (2) lide opoze. Youn ki montre kontanman Rita lè li wè timoun ap jwe nan lari a, yon lòt ki fè li sonje savonay yo pare pou li.
- 2- Rezimen nan yon fraz lide prensipal tèks la?
- 3- Explike ak pwòp mo pa ou fraz sa a:
"lavi Rita se yon nechèl ki manke plizyè bawo, se yon maswife san bout".
- 4- Daprè ou, kisa ki fè Rita pa ka rete lontan nan lari?
- 5- Selon tèks la, kisa yo rele: "Trase vè vè sou papyè".

Dezyèm pati (40 pwen)

B) Gramè – Vokabilè – Tradiksyon

- 1- Jwenn yon konektè lojik nan tèks la ki make opozisyon epi kontwi yob fraz konplèks ak konektè lojik sa a.
(6 pwen)
- 2- Anplwaye mo sa yo nan yon lòt kontèks: (8 pwen)
 - a) Litani
 - b) Pwen
 - ch) Vè vè
 - d) Pantan
- 3- Tradui fraz sa yo franse: (8 pwen)
 - a) Pafwa, Rita voye je li sou kèk pankat.
 - b) Li pa janm konprann anyen; li pa konnen jebede.

- 4- Jwenn nan dyalog la yon sibòdone sikontansyèl kondisyon epi konstwi pwòp fraz pa ou ak menm kategori sibòdone a. (6 pwen)

- 5- Fè reprezantasyon (pyebwa) grafik fraz sa yo: (12 pwen)
 - a) Rita voye je li sou kèk pankat.
 - b) Li bata rive nan syèl.
 - ch) Aprè, li plonje desann lan fon lanmè.

CH- Pwodiksyon ekri: (Chwazi youn (1) nan sijè sa yo) (30 pwen)

- 1- Anpil timoun ap viv nan domestikite nan peyipa nou. Pifò ladan yo pa al lekòl.
 - a) Konstwi yon tèks agimantatif pou defann dwa timoun yo.
 - b) Mete nan tèks la yon sekans djalog kote yon timoun ap eksplike sa li ap pase kay yon moun.
 - ch) Bay opinion pèsonèl ou epi fè yon sentèz.
- 2- Enspire ou de "Ti Sentaniz, Moris Siksto" pou ou konstwi yon tèks naratif ak sekans deskriptif. Montre nan tèks sa a gen anpil "Ti Sentaniz" nan peyi a.

MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL AK FÒMASYON PWOFESEYONÈL (MENFP)

FILYÈ ANSEYMAN JENERAL

SERI: (LLA)

BAKALOREYA SESYON JEN 2018

SEGONDÈ IV

KREYÒL

Kòmanse

Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.

2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.

M CHOUKE

Veritab, se yon plant ki soti nan peyi Sidès azyatik yo. Soti nan zòn sila a, li ale nan zile Polinezi yo. Nan peyi sa a, veritab se youn nan prensipal viv ki sèvi nan alimantasyon moun. Apre sa, veritab al chwe nan peyi Tayiti. Soti la, li rive nan peyi Karayib yo nan lane 1792, kote kaprèn Blay (Bligh) te pote li nan bato *Bounty*. Kounye a, yo kiltive veritab nan tout peyi cho e ki imid sou latè. Se yon plant yo kiltive anpil nan zòn Sidès, nan anpil kote nan Sid ak nan Grandans peyi d Ayiti.

Veritab gen de kalite flè: flè mal ak flè femèl. Flè sa yo sou menm pye bwa a. Men, yo pa menm kote. Se poutèt sa, yo di veritab se yon plant monoyik. Flè femèl la won. Se li ki bay fwi yo rele veritab la. Yon bagay ki enpòtan nan veritab pou nou konnen: fwi yo devlope san polinizasyon flè femèl la. Se poutèt sa veritab se yon fwi ki pa gen grenn ladan. Flè mal la rele pòpòt. Li long, li sanble yon ke chat. Yo sèvi ak li pou fè konfiti.

Veritab, se yon fwi moun ka manje konsa, lò li vèt oubyen lò li mi. Yo konn swa bouyi swa boukannen veritab. Yo ka kwit li nan fou tankou pen. Veritab ka sèvi pou grese kochon. Yo sèvi ak li lò li bouyi pou fè pire, kwokèt ak ze bouyi, retay pwason ak retay lanmori. Yo fè labouyi oubyen pouding ak li. Yo manje l fri. Lò sa a Ayisyen rele li akòdeyon. Lò li sèk, veritab ka fè farin ki sèvi nan patistri ak nan boulanjri. Farin veritab ka melanje ak farin ble pou fè pen. Veritab se yon manje ki antre nan kilti moun Grandans ak moun Okay. Paske li sèvi pou fè tonmtonm. Yo manje tonmtonm veritab ak kalalou gonbo ak krab. Yo sèvi tou ak veritab pou fè ponch oubyen salad.

Franswa Sevren, Libète, No.185, 10 avril 1996

Premye pati

A) Konprevansyon / 6 pwen pou chak bon repons
(30 pwen)

- 1- Daprè ou menm, èske veritab se yon fwi itil? Bay twa agiman pou kore repons ou an.
- 2- Daprè tèks la, kisa ki nesèsè pou lektè a ta konnen sou veritab la?
- 3- Nan tèks la otè a di veritab se yon fwi. Kisa ki fè li di li se yon fwi?
- 4- "Veritab se yon fwi moun ka manje konsa". Eksplike fraz sa a selon kontèks yo itilize l nan tèks la.
- 5- Eksplike fraz sa a "Veritab se yon fwi ki antre nan kilti moun Grandans ak moun Okay".

Dezyèm pati (40 pwen)

B) Gramè – Vokabilè – Tradiksyon

- 1- Jwenn yon variant pou chak mo sa yo nou jwenn tèks la. (8 pwen)
 - a) chwe _____
 - b) lò _____
 - c) veritab _____
 - d) oubyen _____
- 2- Jwenn yon non ki soti nan mo "polinizasyon". (6 pwen)

- 3- Bay siyifikasyon de (2) mo sa yo selon jan ou konprann yo nan tèks la. (4 pwen)

- a) monoyik
- b) patistri

- 4- Presize nati mo soulinye yo, nan fraz anba a. (8 pwen)
"Veritab se yon fwi ki antre nan kilti moun".

- 5- Ekri yon fraz pou chak figi estil sa yo. (8 pwen)
 - a) metonimi
 - b) metafo
 - c) perifrèz
 - d) ipèbòl

- 6- Tradui tèks sa a an kreyòl. (6 pwen)
"La vie a fait de moi un mystifié. Et j'y suis à ce point perdu sacrifié. Que mon esprit captive qui crie et se soulève veut chercher dans la mort, la terre de son rêve".

CH- Pwodiksyon ekri: (Chwazi youn (1) nan sijè sa yo) (30 pwen)

- 1- Daprè ou, kisa nou dwe fè pou n ka fè peyi d Ayiti vin tounen yon peyi ki otònòm nan kesyon manje.
- 2- Gen yon moun ki di yon telefòn ki nan men yon jèn se yon kouto de (2) bò. Li ka yon zouti itil, men tou li ka yon danje tou. Montre nan yon tèks agimantatif bon ak move kote itilizasyon telefòn epi fè yon sentèz.